

1 Sistèm Swen Sante NCH (NCH) angaje l pou l bay kominote li sèvi a aksè ak bon jan swen sante epi li ofri èd finansye pou moun yo detèmine ki gen bezwen an pou resevwa swen medikal ijans oswa sèvis lopital ki nesese sou plan medikal. Dapre Lwa Florid 409.9131, “nesesite medikal” oswa “ki nesese sou plan medikal” vle di nenpòt byen oswa sèvis ki nesese pou soulaje efè yon kondisyon tèminal, oswa pou anpeche, dyagnostike, korije, geri, soulaje oswa anpeche yon kondisyon deteryore, lè kondisyon sa a menase lavi, lakòz doulè oswa soufrans, oswa lakòz maladi oswa enfimite; byen oswa sèvis sa yo dwe bay ann akò ak estanda pratik medikal yo jeneralman aksepte. NCH baze Politik Èd Finansye li (FAP) ak politik sou èd/swen charitab li yo sou direktiv Eta Florid la. NCH angaje l pou l bay tout pasyan sèvis swen sante, kèlkeswa laj, sèks, ras, etnisite, andikap oswa afilyasyon relijye yo, epi li rekonèt nan kèk ka yon moun ka pa gen mwayen finansye pou peye pou sèvis li resevwa yo.

2 Politik sa a fèt pou konfòme l ak Seksyon 501(r) Kòd Revni Entèn lan epi li dwe entèprete epi aplike an akò ak règleman sa yo. Pasyan ki pa gen mwayen pou peye pou sèvis yo bay nan NCH ka mande èd finansye epi yo ka detèmine yo kalifye pou èd la an akò ak kondisyon ak tèm politik sa a. Akòz gwo fado finansye ki genyen nan pran swen moun ki pa gen ase resous pou peye pou sèvis yo, NCH ap deside, ka pa ka, nan ki nivo li pral bay tout pasyan yo swen ki pa ijan ak swen ki pa nan ka ijans. Politik sa a kouvri sèvis tout depatman ak kanpis NCH yo ansanm ak Gwoup Medikal NCH la.

Yo p ap aplike rabè charitab yo toutotan yo poko detèmine epi aplike tout peman twazyèm pati yo sou yon kont.

3. NCH ap ofri èd charitab oswa èd finansye lè kondisyon sa yo ranpli:

- a. Yo fin fè evalyasyon an epi yo refize aplikasyon an pou rezon ki gen ladan, men ki pa limite ak, kalifikasyon pou asirans, kalifikasyon pou pwogram pataj depans charitab, règleman sou responsablite ki gen rapò ak sèvis yo bay yo, règleman konpansasyon travayè ki gen rapò ak sèvis yo bay yo, evalyasyon kalifikasyon pou Medicaid oswa lòt pwogram gouvènmantral, oswa lòt èd finansman ki soti deyò
- b. Pasyan an oswa garant lan ranpli yon Aplikasyon pou Èd Finansye ki endike revni ak byen li genyen.

Dwe bay dokiman sa yo, jan sa aplikab, pou verifye revni:

- Fich peman ki resan oswa yon verifikasyon alekri nan men anplwayè a
- Deklarasyon taks sou revni pou dènye ane ki sot pase a
- Fòm W-2 ak/oswa 1099

- Dènnye relve kont kouran oswa kont epay labank yo
 - Apwobasyon alekri oswa refi pou konpansasyon chomaj oswa konpansasyon travayè.
 - Verifikasyon alekri nan men ajans asistans sosyal piblik oswa nenpòt ajans gouvènman konsènan revni pasyan an
 - Travayè endepandan yo dwe bay tout fòm taks yo nan dènnye deklarasyon taks yo te fè a, ansanm ak Schedule C.
 - Pa gen mwayen pou verifye revni: Si pasyan an/garant lan pa gen okenn revni pou dokimante epi pa gen okenn lòt mwayen pou verifye revni ki disponib, yo ka aksepte yon deklarasyon sipò si moun nan oswa moun yo k ap bay pasyan an sipò a siyen li, nan plas dokiman ki endike anwo yo. Deklarasyon an dwe idantifye moun ki bay sipò a, relasyon li genyen ak pasyan an, ansanm ak kalite ak sous sipò li bay la.
- c. Founisè sèvis la ka, selon diskresyon li, itilize yon rapò kredi, yon zouti ki baze sou teknoloji epi ki apwouve, tankou yon nòt ki mezire tandans/pwobabilite pou peye, oswa enfòmasyon finansye pasyan an te soumèt deja, dyagnostik li ak istwa peman li, pou konfime enfòmasyon ki nan Fòm Finansye a epi ede detèmine kalifikasyon pou èd charitab; pasyan an oswa garant lan respekte kondisyon pou verifikasyon revni yo.
- d. Pasyan k ap aplike pou èd finansye oswa pou yon evalyasyon pou èd charitab, epi ki te gen kont yo deja apwouve pou èd charitab nan sis dènnye mwa yo, pa bezwen yon lòt revizyon dokiman sou papye yo oswa yon nouvo rapò CBI, si yo te mande yon rapò konsa pou apwobasyon anvan an. Sa pa aplike pou èd charitab yo bay dapre règ 25% an, sof si sèvis yo se pou menm dyagnostik la oswa menm plan tretman an. Si sèvis yo se pou yon lòt dyagnostik, yo dwe fè yon nouvo evalyasyon.
- e. Dèt la plis pase \$250.00

4 Lwa Florid la pèmèt Founisè yo klase frè yo kòm “èd charitab” pou pasyan ki gen revni fanmi yo ki egal oswa pi ba pase 200% direktiv federal sou povrete yo, oswa si depans medikal yo depase 25% revni anyèl yo epi enfòmasyon finansye yo dokimante montre pasyan an pa gen kapasite pou peye pou sèvis yo. “Swen charitab” oswa “swen charitab san konpansasyon” vle di pati nan frè pou sèvis yo rapòte bay Ajans pou Administrasyon Swen Sante a pou ki pa gen okenn konpansasyon, pou swen yo bay yon pasyan ki gen revni fanmi li pou 12 mwa ki te vini anvan detèminasyon an ki egal oswa pi ba pase 200% nivo povrete federal la, sof si montan pasyan an dwe a depase 25% revni anyèl fanmi an. Sepandan, nan okenn ka frè Founisè a pou yon pasyan ki gen revni fanmi li ki depase kat fwa nivo povrete federal la pou yon fanmi ki gen

kat moun pa dwe konsidere kòm èd charitab. (F.S.409.911) Si pasyan an kalifye pou règ 25% an pou èd charitab epi pasyan an montre li gen kapasite pou peye yon pati nan sèvis yo, NCH ka kolekte yon maksimòm AGB (Montan Yo Faktire An Jeneral) epi aplike èd charitab pou règ balans lan.

ÈD FINANSYE KI DISPONIB AK KRITÈ KALIFIKASYON

Kritè kalifikasyon pou èd finansye:

- Pasyan an se yon rezidan pèmanan Ozetazini epi li abite nan zòn sèvis NCH deziyen an (pa egzanp, Konte Collier ak konte ki kole/fè fwontyè avèk li yo), eksepte kritè rezidans sa a pa aplike pou sèvis medikal ijans yo bay nan yon depatman ijans, ki toujou sijè a evalyasyon dapre FAP la kèlkeswa kote pasyan an abite.
- NCH dwe nan rezo asirans lan si pasyan an gen kouvèti asirans sante, sof si sèvis yo se sèvis medikal ijans yo bay nan yon depatman ijans.
- Pasyan an satisfè kritè sou revni anyèl fanmi an ak kantite moun nan fanmi an, jan direktiv federal sou povrete yo etabli yo.
- Aplikasyon pou èd finansye a ranpli, ansanm ak tout dokiman ki nesèsè yo, si pasyan an pa kalifye pou Medicaid oswa pou kalifikasyon prezime, epi si li pa eskli nan èd finansye a pou lòt rezon.
- NCH gen diskresyon pou l bay èd finansye dapre konsiderasyon finansye ki espesifik pou pasyan an ak montan li dwe a, an rapò ak resous ki disponib pou li; sa pa enkli pasyan pou NCH pa nan rezo asirans yo oswa pou NCH pa gen kontra avèk asirans yo.
- Detèminasyon medikal lè se NCH sèlman ki ka bay tretman an.
- Frè NCH Medical Group (MGR) yo kouvri anba FAP (Politik Èd Finansye) sa a sèlman lè sèvis yo gen rapò ak vizit pasyan nan lopital oswa ak pasyan ki nan Depatman Ijans lopital la.

Revni Pasyan an	Montan Èd Finansye a
Nan oswa pi ba pase 200% direktiv federal sou povrete yo	Pasyan an kalifye pou 100% èd finansye pou frè lopital yo ak frè Medical Group yo ki gen rapò ak swen lopital la.

Ant 201% ak 400% direktiv federal sou povrete yo	Pasyan an kalifye pou yon rediksyon 75% sou frè brit lopital NCH yo ak frè Medical Group yo ki gen rapò ak swen lopital la; sa vle di, pasyan an peye 25% montan brit yo.
Responsablite pasyan an pou frè lopital ki depase 25% revni anyèl fanmi an, men ki pa depase kat fwa nivo povrete federal la pou yon fanmi ki gen kat moun.	Pasyan an kalifye pou 100% èd finansye pou frè lopital yo ak frè Medical Group yo ki gen rapò ak swen lopital la.

KALIFIKASYON PREZIME

Pasyan yo ka kalifye pou yon rabè sou tout balans ki poko peye a, menm si yo pa ranpli Fòm Aplikasyon pou Èd Finansye a, si pasyan an satisfè youn nan kondisyon ki annapre yo epi li pa eskli pou lòt rezon nan kritè kalifikasyon yo:

- Li pa gen kay oswa li abite nan yon lojman pou moun ki gen ti revni/oswa nan yon lojman sibvansyone.
- Li mouri epi li pa gen okenn byen li kite dèyè yo konnen ki disponib pou peye fakti medikal yo.
- Li kalifye kounye a pou Medicaid (kòm asirans prensipal), men li pa t kalifye nan dat sèvis la, oswa benefis Medicaid li yo fini, oswa frè yo se pou sèvis Medicaid pa kouvri.
- Li kalifye kounye a pou Èd pou Medikaman sou Preskripsyon (Rx Assistance), SNAP/Bòn Alimantè oswa WIC
- Li kalifye pou resevwa benefis nan men yon ajans gouvènman kòm viktim yon krim vyolan oswa yon agresyon seksyèl, epi tretman an gen rapò ak krim vyolan an oswa agresyon seksyèl la.
- Yon enkapasite demontre pou peye pou sèvis yo, ki baze sou tout byen ki disponib yo. Pasyan k ap resevwa swen nan oswa nan men depatman ijans lan ki pa gen resous finansye ka kalifye pou FAP (Politik Èd Finansye) si yo pa gen travay epi yo pa kapab bay prèv revni oswa yon deklarasyon taks sou revni; pasyan ki nan bezwen epi ki pa gen aksè ak dokiman aplikasyon yo mande yo ka toujou kalifye pou èd finansye.

BAZ POU KALKILE MONTAN YO FAKTIRE AN JENERAL

Lè yon pasyan kalifye pou mwens pase 100% èd finansye sou montan brit yo, jan sa endike pi wo a, frè pasyan an responsab pou yo p ap depase montan yo faktire an jeneral (“AGB”) pou moun ki gen asirans ki kouvri swen sa yo.

NCH itilize metòd retwospektif (“look back”) la pou kalkile AGB pou etablisman lopital li yo. AGB a se montan maksimòm nou pral kolekte nan men yon pasyan ki kalifye pou èd finansye dapre FAP (Politik Èd Finansye). Pousantaj AGB a baze sou tout reklamasyon Medicare ak konpayi asirans sante prive yo apwouve sou yon peryòd 12 mwa, divize pa montan brit ki asosye ak reklamasyon sa yo.

5. NCH dwe kenbe dokiman ki apwopriye pou apwobasyon èd charitab oswa èd finansye, tankou fòm finansye ak lòt dokiman sipò. Yo ka mande yon rapò CBI, selon diskresyon NCH, pou sipòte detèminasyon an, an akò ak Seksyon 3(c).
6. NCH dwe bay èd charitab sou kont yo apre pwosesis apwobasyon an fin fèt, si pasyan an oswa garant lan pa gen asirans, li pa kapab kalifye pou èd finansye ki soti nan lòt sous, epi li kalifye pou èd charitab. Anvan yo detèmine epi apwouve kalifikasyon pou èd charitab la, NCH ap kontinye fè efò nòmal pou kolekte peman. NCH ap sispann tout efò pou kolekte peman lè èd charitab la apwouve epi l ap fè nenpòt founisè twazyèm pati ki ap chèche jwenn peman nan men pasyan an oswa garant lan konnen dat yo te detèmine kalifikasyon pou èd charitab la.
7. Ajans twazyèm pati ki fè koleksyon dèt yo ka ede rezoud kont kote pasyan yo pa kolabore pou fè peman, yo pa fè peman yo te dakò pou yo fè, oswa yo pa vle ranpli Aplikasyon pou Èd Finansye a ak/oswa bay dokiman sipò pou soutni demann yo pou èd finansye. Yo ka angaje ajans koleksyon yo sèlman apre yo fin itilize tout opsyon rezonab pou koleksyon ak peman yo. NCH kenbe yon **Politik sou Fakti ak Koleksyon** apa ki esplike pwosedi li yo pou fakti ak koleksyon. Yon kopi politik sa a disponib sou sit entènèt NCH la [isit la](#). An akò ak politik sa yo, NCH pap fè, epi li pap otorize ajans koleksyon li yo pou yo fè, okenn Aksyon Ekstrawòdinè pou Kolekte Dèt jan Seksyon 501(r) Kòd Revni Entèn lan defini yo, anvan li verifye pasyan yo te jwenn opòtinite pou aplike pou èd charitab oswa èd finansye.
8. Pou aplikasyon pou èd finansye yo valab, yo dwe siyen epi mete dat sou yo. Aplikasyon pou èd finansye yo valab pou 6 mwa anvan ak 6 mwa apre dat yo siyen an. Kòm yon eksepsyon, fòm finansye yo ka valab pou yon lòt 6 mwa si revni pasyan an limite a yon revni fiks, tankou Sekirite Sosyal oswa benefis andikap, epi revni li pa chanje. Si pasyan an pa kapab siyen akòz kondisyon medikal li, garant lan, moun ki bay enfòmasyon finansye yo (endike relasyon li genyen ak pasyan an), oswa Konseye

Finansye/Reprezantan Benefis Piblik la ka siyen fòm nan, epi li dwe dokimante sa alekri oswa vèbalman nan telefòn. Fòm nan ta dwe gen deklarasyon sa a: “Pasyan an pa kapab siyen akòz kondisyon medikal li”.

9. NCH rezève dwa pou anile èd finansye a epi chèche ranbousman oswa koleksyon ki apwopriye si yo dekouvri nouvo enfòmasyon, tankou kouvèti asirans oswa peman yo fè bay aplikan an, oswa si aplikan an pouswiv yon reklamasyon pou blesi pèsonèl ki gen rapò ak sèvis yo konsidere yo. Tout peman NCH resevwa apre yo fin akòde èd finansye a ap lakòz yo ranvèse montan ajisteman an pou regle balans ki rete pou pasyan an peye poukont li, san sa pa kreye yon balans pou peye oswa yon balans kredi. Si pasyan an/garant lan jwenn yon règleman oswa yo ranbouse li pou swen yo te bay yo epi li refize peye pou swen yo te deja konsidere kòm èd charitab oswa èd finansye, pasyan an/garant lan pap kalifye ankò pou èd finansye epi sa ka lakòz yon balans pou peye.
10. Bay èd finansye pa oblije NCH kontinye bay swen, sepandan, se selon sèl diskresyon NCH pou l bay sèvis ak sipò ki nesèsè sou plan medikal epi ki pa disponib lòt kote sou yon baz kontinyèl. Yo ka mande pasyan yo pou yo re-aplike pou FAP (Politik Èd Finansye) omwen chak 6 mwa.
11. NCH mande yon otorizasyon finansye davans nan men Biwo Jesyon Biznis la pou tout sèvis elektif (ki pwograme oswa ki pa pwograme) si pasyan an pa gen asirans, si asirans li pa kouvri ase, oswa si li fè peman pèsonèl, epi sèvis la pa ijan oswa li pa yon sèvis ijans. Yo dwe resevwa peman konplè a anvan yo bay sèvis yo, dapre politik rabè NCH pou pasyan ki peye poukont yo (oswa montan yo te dakò sou li).
12. Yon Konseye Finansye ap kontakte tout pasyan yo anvan sèvis ki pwograme yo pou evalye kapasite pasyan an pou peye. Pwosesis sa a ap gen ladan jwenn enfòmasyon finansye pasyan an ki ajou, mande yon rapò kredi ki ajou si sa nesèsè, epi revize istwa peman pasyan an ak NCH.
13. Ekip Biwo Jesyon Biznis la ap revize enfòmasyon finansye pasyan yo. Dapre evalyasyon yo fè a, yo ka kontakte Jesyon Siperyè a ak/oswa doktè k ap pran swen pasyan an oswa doktè ki bay lòd pou sèvis la pou detèmine si sèvis elektif yo ka ranwaye, repwograme oswa refize dapre enkapasite pasyan an pou peye.
14. Apwobasyon anvan yon oswa plizyè kont pou èd charitab pa garanti èd charitab alavni. Chak sèvis (ki pa yon sèvis ijans) ap evalye ka pa ka.

- 15 Pasyan ki gen Medicare kòm asirans prensipal ak Medicaid kòm asirans segondè, epi ki gen yon balans pou peye apre yo fin voye fakti bay toude asirans yo, ap jwenn yon ajisteman kòm Medicare crossover bad debt (dèt Medicare ki pa ka rekipere), olye yo retire balans lan kòm èd charitab.
- 16 NCH gen yon akò avèk Neighborhood Health Clinic (NHC) ak Physician Led Access Network (PLAN) pou bay sèvis pou pasyan yo refere ki jwenn apwobasyon nan men jesyon NCH. NHC ak PLAN dwe bay NCH yon Fòm Èd Finansye ki ranpli lè y ap mande apwobasyon pou sèvis yo. Lè yo apwouve sèvis yo, yo mete kont yo an atant pou NHC oswa PLAN, epi yo ajiste balans yo kòm èd charitab apre yo fin bay sèvis yo.
- 17 Pasyan ki pa gen asirans epi ki pa kalifye pou èd finansye dapre politik sa a ka kalifye pou yon Rabè pou Pasyan ki Peye poukont yo. Yo aplike yon Rabè pou Pasyan ki Peye poukont yo 60% sou total frè sèvis swen sante ki aplikab Lopital la bay. Yo aplike yon Rabè pou Pasyan ki Peye poukont yo 30% sou frè sèvis NCH Medical Group bay. Rabè sa a pa aplike pou operasyon estetik, atik pou konvenyans pasyan an, frè pwogram, oswa lòt sèvis ki pa nesesè sou plan medikal epi yo faktire dapre yon lis frè pou peman pèsònèl ki te detèmine davans. Rabè pou peman pèsònèl la pa anile oswa padonnen peman nan moman sèvis la ke pasyan an ka oblije peye. Nenpòt Rabè pou peman pèsònèl ap anile si yo idantifye yon kouvèti asirans ki soti nan yon twazyèm pati oswa yon lòt sous kouvèti.